

# Bati Konfyans sou Vaksen Nan Pataje Istwa ak Temwanyaj sou Vaksen yo

Pataje istwa ak temwanyaj yo sou eksperyans vaksen kapab bati konfyans sou vaksen nan apwofondi konpreyasyon ak sansibilizasyon. Istwa sou vaksen kont COVID-19 yo tout kote Ou gendwa genyen yon istwa epi fanmi ou, zanmi ou, manm kominote parèy ou, kòlèg travay ou, ak patenè ak manm pwogram yo gendwa genyen tou. Istwa yo kapab ede ranfòse gerizon, rekiperasyon, prezèvasyon ak sivi kolektif. Yo genyen pouvwa pou enspire, bay enèji ak motive moun pou aksyon.

## Pataje istwa yo:

- Ede moun gen konpasyon youn pou lòt ak konprann enpòtans vaksen yo ak epi pran vaksen
- Bati koneksyon ak konfyans
- Ranfòse valè komen ak objektif pataje yo
- Rekonèt ak selebre moun nan kominote nou an ki ap fè chanjman
- Ankouraje espwa ak vizyon pou lavni

## Lè ou ap pataje istwa ou sou pran vaksen:

- Dekri valè ou you ak sa ki enpòtan pou ou
- Konekte istwa ou ak eksperyans ak enterè moun ou ap pataje li avèk yo a
- Pataje sa ki te ede ou pran desizyon an, fason ou santi ou sou sa ak enpak li te genyen

## Lè ou ap kolekte istwa nan men lòt moun yo sou pran vaksen:

- Tavay nan pwòch kolaborasyon avèk manm kominote a
- Kreye yon anviwònman ki ouvè, an sekirite epi kote moun aksepte moun pou pataje istwa yo
- Toujou jwenn pèmisyon nan men moun yo pou ou ka pran nòt, itilize yon aparèy pou anrejistre oswa pataje istwa yo avèk lòt moun. Yo rele sa bonjan konsantman, epi li vle di ke moun lan konprann poukisa yo pral itilize istwa a epi ki kote yo pral pataje li. Si ou ap pran nòt oswa ou ap anrejistre istwa yo, mennen yon moun avèk ou pou ede ou.
- Itilize kesyon ki gen repons laj pou evite repons wi-non yo
- Se pou ou kirye ak ouvè — pa vini avèk yon seri istwa tou fèt oswa yon objektif nan panse ou
- Tande aktivman epi dirije avèk jantiyès

**NYC VACCINE FOR ALL:  
SAFE, FREE, EASY**

**NYC**  
Health



- Si moun lan ki ap pataje istwa li a diskite sou twomatis kounye a oswa pase, refere yo ak resous, tankou NYC Well, yon sèvis sipò sante mantal gratis ak konfidansyèl ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 epi nan plis pase 200 lang. Rele 888-692-9355 oswa diskite anliy nan [nyc.gov/nycwell](https://nyc.gov/nycwell).

---

## Modèl kesyon pou sipòte pataj ak kòlèk istwa sou vaksinyon yo:

- Èske ou te pran vaksen? Poukisa ou te chwazi pran yon vaksen kont COVID-19?
- Kisa pran vaksen vle di pou ou? Pou fanmi ou?
- Poukisa ou panse li enpòtan pou moun pran vaksen?
- Ki fason pran vaksen oswa ede lòt moun pran vaksen sipòte rekiperasyon kominote ou a?
- Kisa ki te fè ou chanje desizyon ou sou si wi oswa non pou ou pran vaksen?
- Kijan ou santi ou kounye a dèske ou pran vaksen?
- Kijan bagay te chanje pou ou kounye a dèske ou pran vaksen?

---

## Fè istwa yo sikile

Genyen plizyè fason ke ou kapab pataje ak itilize istwa yo. Yon vwa ou fè konfyans nan kominote ou a, oumenm oswa òganizasyon ou an kapab:

- Di istwa ou a lè ou ap pale avèk lòt moun yo sou vaksen yo
- Pataje istwa yo sou sitwèb ou ak rezo sosyo yo epitou nan bilten enfòmasyon ak imèl
- Ajoute istwa nan prezantasyon ou yo epi pataje istwa yo nan reyinyon ak evènman avèk patenè ak kominote a
- Pataje istwa yo avèk medya ak ajans près lokal yo
- Fè zèv atistik avèk istwa yo pou pataje ak pou afiche

---

## Egzanp istwa sou vaksen yo

Videyo ki nan lis anba la a montre moun New York nan Brooklyn ak anplwaye nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la ki ap rakonte istwa yo sou vaksen yo a ak sou pran vaksen

- **Istwa Vaksen nan Kominote | Brooklyn:** [youtu.be/H5-YFeLxe14](https://youtu.be/H5-YFeLxe14)
- **Istwa Vaksen nan Kominote | Brooklyn (Vèsyon 2):** [youtu.be/gl\\_eHzjL\\_-E](https://youtu.be/gl_eHzjL_-E)
- **Poukisa Mwen te Pran Vaksen | Istwa Anplwaye yo (Vèsyon 1):** [youtu.be/OBOIECveAY0](https://youtu.be/OBOIECveAY0)
- **Poukisa Mwen te Pran Vaksen | Istwa Anplwaye yo (Vèsyon 2):** [youtu.be/UNaIYF4Xpt0](https://youtu.be/UNaIYF4Xpt0)
- **Poukisa Mwen te Pran Vaksen | Istwa Anplwaye yo (Vèsyon 3):** [youtu.be/l4A1FvbERi8](https://youtu.be/l4A1FvbERi8)